

## УОДИГЪÆДÆЙ ТУХГИН АДÆМБÆЛ НЕКÆЦИ ЗНАГ ФÆУУÆЛАХЕЗ УОДЗÆНÆЙ!..

***Иосиф СТАЛИН: «Мах нæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнади номбæл устур нивæндтæ ке 'рхастан, нæ адæм тугъди рæстæги æнæнимæдзæ берæ гъæугæдзийнæдтæ æма риститæ ке баййафтонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау фæскъилдуни æма фронти æнæрæнцайгæй ке фæллойнæ кодтонцæ, етæ дзæгъæли нæ фæцæнцæ, махæн бантæстæй знагбæл фæуузæлахез ун...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№16 (936) 2024 анзи 8 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ ЦАУ



### ВЛАДИМИР ПУТИН РАЙДÆДТА УÆРÆСЕЙ ПРЕЗИДЕНТИ ИХÆСТÆ ÆНХÆСТ КÆНУН

Æзинæ, 7 апърели Устур Кремли Андрееваг зали арæзт æрцудæй сæрмагонд мадзал – инаугураци. Уоми **Владимир Путин**, æрæги нæуæгæй Уæрæсей Президентæй æвзурст ке 'рцудæй, уой фæдбæл официалон æгъдауæй райста паддзахади разамонæги ихæстæ æнхæст кæнуни барæ. Еци бунати уодзæнæй æхсæз анзей дæргъи – 2030 анзи уæнгæ.

Куд нæуæгæй равзурст Президент, уотæ Владимир Путин ард бахуардта. Нæ бæсти Конституцион тæрхондони сæрдар **Валерий Зорькин** Путини къохмæ равардта Президенти хецаудзийнади нисанеуæгтæ, уони хæццæ ба президенти нисанеуæг – сугъзæрийнæй конд Геуæргий дзиуарæ, кæцибæл хузæгонд æй Уæрæсей Федераций Герб æма сугъзæрийнæ рæхисбæл ба финст девиз «Пайда, кадæ æма аргъкæнуйнадæ».

Паддзахади сæргъи нæуæгæй æрлæугæй, Владимир Путин æ нистауæни радзубандийæй нæ бæсти цæргутæн фегъосун кодта, абони нæ Фидибæстæн уæлдай ахсгиагдæр циуавæр фарстатæ 'нцæ æма уони æнхæст кæнуни фæдбæл ци арæзт цæудзæнæй, уой туххæй.

Уæрæсей Президенти ихæстæ Владимир Путин æнхæст кæндзæнæй фæндзæймаг хатт.

Ардбахуæрди фæсте Президенти штандарт æвæрд æрцæудзæнæй æ косæн уати. Президенти нисан ба уодзæнæй Кремли фиццаг корпуси хуæрзеугути зали.

## НÆ ФИДИБÆСТИ АЛÆМÆТИ БÆРÆГБОН – НÆ ЗÆРДТАГОН СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ!..




### НÆ ЦИТГИН УÆЛАХЕЗ – НÆ ФИДИБÆСТИ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРÆЦЦАГ КАДÆ ÆМА НАМУС!..

**Æма бабæй нæмæ æрхъæрттæй нæ бæрæгбæнттæн сæ кадгиндæр – Цитгин Уæлахези Бон. Нæудæс æма æртинсæйæймаг хатт æй кæд бæрæг кæнæн, уæддæр нин алæмæти зæрдирайгæ 'й. Кæд æй цæстисугти хæццæ бæрæгбон хонæн, уæддæр нин æ цийнæдзийнадæ нæ нидæндæр кæнуй. Уомæн æма, дуйнетæбæл ка некæдма адтæй, уæхæн тогниккалди тохи бацæугæй, нæ фидтæлти фидтæлтæ æма нæ фидтæлтæ ниддæрæн кодтонцæ еугур адæмтæн адзалхæссæг, Германий зæнхæй рабурæг маргæйдзаг фашизм æма уомæй фæййервæзун кодтонцæ Европи иннæ паддзахæдти дæр. Гъулæггагæн, етæ уой абони нæбал лæдæрунцæ, æма сæ хицхицгæнæн ардауæнтæй аразунцæ равгитæ нацизм æригас кæнунæн. Фал си неци рауайдзæнæй. Сæ фудвæндитæ син мах, Цитгин Уæлахези бундартæ, фегуппæг кæндзинан. Уобæл æй Уæрæсей тох абони сæрмагонд æфсæддон операций рæстæги. Æма бабæй мах уодзинан уæлахезон!.. Нæудæс æма æртинсæй анзей размæ Цитгин Уæлахезæй баскъуæлхæг нæ намусгин хестæрти хузæн!..**

## «ÆНÆМЕЛГÆ ПОЛК»



**ХУАДОНТИ Афæхъой фурт Сергей (1922-1983)**



**ГЕГАТИ Хакъиасси фурт Батæрбег (1910-1943)**



**ГЕГАТИ Хакъиасси фурт Беза (1914-2003)**



**ГАДАТИ Амурхани фурт Барис**



**ХЪИРГЪУТИ Нæуæги фурт Кермен (1922-1979)**

*ЦÆГÆРАТИ Максим (1916-1990), Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Цæгат Иристони адæмон финсæг: «Еци Уалдзæг... Еци Уæлахез... Цæйбæрцæ сæмæ фæццудан, цæмæй ралæудтайуонцæ! 1418 æхсæвæ æма бони... Уонæми хъазауати дæргъци ци нæдтæбæл фæццудан, уонæбæл цæйбæрцæ тог никкалдтан! Еу бон иннемæй карздæр, еу æхсæвæ иннемæй тæссагдæр. Бæгъатæрдзийнади,*

# «НÆ НАМУСГИН ХЕСТÆРТИ ÆСКЪУÆЛХТДЗИЙНАДÆ МАХÆЙ НЕКÆД ФЕРОНХ УОДЗÆНÆЙ!..»



*Цитгин Уæлахези Бони фæдбæл нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** райарфæ кодта Цæгат Иристони дзиллæн, тугъдон намуси кадгин номхæссæг Дзæуæгигъæуи цæргутæ æма нæ иуазгутæн. Æма æ арфи радзубандий баханхæ кодта:*

– Нæ Фидибæстон анзфинсти 9 май æй уæлдай цитгийнагдæр бæрæгбон. Нæудæс æма æртинсæй анзей размæ советон адæм фæууæлахез æнцæ Устур Фидибæстон тугъди. Знагæн æй хъæбæр федарæй балæдæрун кодтонцæ, Уæрæсей æ уæрагисæртæбæл æрлæууун кæнæн ке нæййес, уой.

Еци уæлахез нæ паддзахадæн бантæстæй, хъæбæр уæззау æма уодуæлдай хъиамæттæ бавзаргæй. Фал нæ фидтæлтæ æма фидтæлти фидтæлтæ федар фæллæугæй, нæ устур, минанзон паддзахади исонибон багъæуай кæнун бафæразтонцæ, уомæн æма æндонæй федардæр адтæнцæ сæ еудзийнадæ, æма, ци нисани сæрбæлтау тох кодтонцæ, е дæр син еумæйаг адтæй – æгъатир фашистон идеологи бундзарæй фесафун.

Не 'мзæнхонтæй финддæс æма цуппаринсæй мин адæймаги рандæнцæ фронтмæ. Уонæй алли дуккаг дæр нæбал исæздахтæй æ фидиуæзæгмæ, сæ цард иснивонд кодтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау. Тугъди азарæй бастъалдæнцæ алли бийнонтæ дæр, еувæрсти некæбæл рацудæй...

Æ бæрæгбони нистауæни Сергей Меняйло сæрмагондæй баханхæ кодта:

– Уæд, еци уæлахезон 1945 анзи æнгъæл дæр неке адтæй, æма æндæр адæмихæттити бартæ кунæг кæнун фудвæндитæ ма ескæд райгас уодзæнæнцæ. Нуртæккæ, сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг нæ лæхъуæнтæн бабæй, сæ бабатæ æма уони бабати уæззау надбæл цæугæ рауадæй. Арфæ кæнун нæ кадгин æфсæддонтæн – Устур Фидибæстон тугъди хъазауатонæй ка тох кодта, уони фæстагæнттæн, уодфедардзийнадæ æма лæгдзийнадæ, уæлахезмæ тундзундзийнадæ ке 'вдесунцæ сæрмагонд тугъдон операций рæстæг. Уæ фæсте айдагъ Фидибæстæ æма исонибон нæ 'нцæ, фал ма си ес нæ еумæйаг ахсгиаг зæрдæбæлдаруйнадæ.

Нæ сæртæй ниллæг ковæн нæ цитгин Фидибæстæ гъæуайгæнгутæн! Не 'хсæн ка нæбал æй, уони кади ном æностæмæ цæрæд нæ зæрдити!

Нæ еугур бæсти цæргутæн дæр цитгин бæрæгбони мæ зæрдæ зæгъуй æнæнездзийнадæ, æнæфидбилиздзийнадæ æма уи алке сæрмæ дæр цъæх арв уæд.

* * *

*Нæ Цитгин Уæлахези бæрæгбони фæдбæл Цæгат Иристони тугъдон ветерантæн, еугур дзиллæн дæр арфæ кæнуй нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** дæр. Æма æ арфи нистауæни уотæ зæгъуй:*

– Нæ бæсти историй ес уæхæн бæрæгбон, кæцимæн сауæнгæ ма рæстæгути бон дæр неци æй – Уæлахези Бон. Нæ аци цитгин бæрæгбон æй нæ бæсти берæнацион адæми, дуйне фашизмæй ка фæййервæзун кодта, уой æгæрон тухгиндзийнади, æ еудзийнади, æнæбасæттондзийнади æма гъæддухдзийнади ирд æвдесæн, е нин нæ зæрдитæ нифсгун кæнуй Фидибæстæбæл æцæгæй æновуддзийнади, хуæрзæгъдауддзийнади æма æхсаргиндзийнади рохсдзийнадæй.

Уæлахездзаути Фæлтæрæн нæ арфæ æгæрон æй. Зонæн æй, Устур Фидибæстон тугъд миллионгай адæймæгути ирисхъæ басаста, зиани маст кæбæл не 'рцудæй, уæхæн бийнонтæ хъæбæр æстæн разиндзæнæй, Уæлахези Бон цæстисугæй идзаг бæрæгбон, зæгъгæ, хумæтæги нæ хонунцæ. Нæ дадати дадати, дадати æма фидтæлти æнæмæлгæ æскъуæлхтдзийнадæ, нæ Фидибæстæ тохæнгарзи хæццæ ка гъæуай кодта, фæскъилдуни ка хъиамæт кодта, дæрæнгонд сахартæ æма гъæутæ нæуæгæй сæ къæхтæбæл ка лæуун кодта, цæмæй мах, сæ цæуæт æма цæуæти цæуæт зæрдрохсæй цæрæн, уой сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта – еугур еци хабæрттæ махæн дун-дуйнетæмæ дæр æнцæ æхсардзийнади, бæрзонд граждайнагдзийнади Фидибæстæбæл уодуæлдайæй æновуддзийнади дæнцæ.

Абони дæр Уæрæсей æцæг еузæрдиуон патриоттæ идарддæр хæссунцæ сæ хестæрти кадгин фæткитæ æма æгъдæуттæ. Сæрмагонд тугъдон операций архайгæй, етæ тох кæнунцæ, сæ сæртæ ци нæуæг нацисттæ исхъел кодтонцæ, уони нихмæ, гъæуай кæнунцæ нæ паддзахади интерестæ æма хуæдбарæдзийнадæ. Мах си ан сæрустур!



Еума хатт дæр ма нæ сæртæй ниллæг ковæн нæ Райгурæн бæстæ ка гъæуай кодта æма кæнуй, уонæн. Сæ тугъдон лæгæхсарæ æма бæгъатæрдзийнадæ фæнзуйнаг æнцæ нæ абони кæстæр фæлтæртæн еугуремæн дæр, нæ Фидибæсти исонибони гъæуайгæнгутæн дæр.

Бæрæгбони арфæ уæ уæд, нæ хъазар æмбæстæгтæ! Мæ зæрдæ уин зæгъуй сабурдзийнадæ, амонд æма æнтæститæ нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау.

## ТУГЪДИ РÆСТÆГИ ХЪАЗАУАТÆН Æ КАДÆ МУГГАГМÆ ЦÆРУЙ!..



ХАМИХЪОТИ Назир (галеуæрдигæй фиццаг, æ сæрбæл – æфсæддон ходæ) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ.



ХАМИХЪОТИ Назир



ХАМИХЪОТИ Назир æ фурттæ Таймораз (астæуæй) æма Сослани хæццæ.

# МÆ ФИДИ ИМИСГÆЙ

Мæ ном æй Алихан, Хамихъоти Назири фурт. Фæндуй мæ нæ фидæ Хамихъоти Хамбийи фурт Назири туххæй радзорун. Мæ фæндæ мин балæдæрдзинайтæ рæстзæрдæй, уомæн æма абони уотæ берæ нæбал æнцæ, Устур Фидибæстон тугъди будурæй цардæгасæй ка исæздахтæй, етæ. Куд фæстæдæр, уотæ ба никки зиндæр уодзæнæй тугъди архайгути бæргутæ бæлвурдæй рартасун, рæстæги мегъæ сæбæл æ пæлæз æвæргæ цæудзæнæй æма нæуæг фæлтæрти зæрдихаттæй идарддæрæй-идарддæр кæндзæнæнцæ. Уотæ ку уа, уæддæр е уони фуд нæ уодзæнæй æма син рагацау гъæуама ма уайдзæф кæнæн. Цæмæй нæ адæми исонибони фæлтæртæй иронх ма уонцæ нæ фидтæлти намуси хабæрттæ, уобæл ба æновудæй байархайун гъæуй уони, абони ма син сæ еци хабæрттæ ка зонуй, уони. Гъæуама финстæй æносонгонд æрцæуонцæ кæрæй-кæронмæ. Уомæ гæсгæ ба нæ фæстæтæрæ кæнун нæбал гъæуй, фал алкедæр гъæуама байархайа, æ хеуæнттæ, æ къабæзтæй тугъдон архайгутæ ка адтæй, æма си ка ци хабæрттæ зонуй, уони адæми рæнгъæмæ рахæссунбæл. Бустæги ахсгиаг ба еци фарста иссæй нури дзамани: раст æма мæнгæ кæми исхæлæмултæ 'нцæ, сау æма уорс бæрæг кæми нæбал æнцæ, æргом сайдæй истори усхъуммитæ хатун кæми байдæдтонцæ беретæ, еци хæлхъой рæстæги.

Мæ зæрдæ рагæй дзоруй, куд фурт, уотæ мæ фиди хабæрттæ исбæрæг кæнунмæ. Таустæ аллихузæнттæ фæуунцæ, мæн ба гъæуй æцæгдзийнадæ базонун, æма уомæ гæсгæ 2018 анзи агорун райдæдтон мæ фиди тугъдон нæдти æвдесæндартæ. Финстон Уæрæсей Федераций Гъæуайкæнуйнади министрадæмæ æма дзуапп райстон – нæййес бæргутæ. Уой фæсте ниффинстон Уæрæсей Федераций Æдасдзийнади Федералон Служби архивмæ æма уордигæй дæр – уотæ. Финстон республики æма районти архивтæмæ дæр – нæййес бæргутæ.

Цубурдзурдæй, фæстæдæр 2022 анзи Интернети фæззиндтæй æвдесæндартæ мæ фиди тугъдон архайди туххæй, фал ма сæ фулдæрей ба, æвæдзи, равдесун нæма æнгъезуй.

Мæ фидæ Назир Сурх Æфсади рæнгъити адтæй 1946 анзи фæззæги уæнгæ.

Æхуæдæг ма цардæгас ку адтæй, уæд æй ахид фæрсинæ тугъди хабæрттæбæл, фал уонæбæл дзорун нæ уарзта. Мæн туххæй, дан, базондзæнæ айдагъдæр мæ рамæлæти фæсте. Æма, æцæгæйдæр, уотæ рауадæй. 1944 анзи уæнгæ æ хабæрттæ куд адтæнцæ, уони бал равдистонцæ адæммæ. Назир хуарзæнхæгонд æрцудæй Фидибæстон тугъди 2-аг къæпхæни орденæй. Æнгъæлмæ кæсдзинан, иннæ «асхъоди» гæгъæдитæ кæд райгон кæндзæнæнцæ, уомæ.

Нур ба ма цубурæй зæгъон мæ фиди туххæй.

Хамихъоти Назир Хамбийи фурт райгурдæй Ирæфи районi, Нæуæггъæуи. Мæхчески районi Фæснæли астæуккаг скъолай 10 къласи каст ку фæцæй, уæд барвæндонæй рандæй тугъдмæ. 1946 анзи исæздахтæй æма 1947 анзи ба бийнонти гъуддаг бакодта: æрхудта Къостанти Хаджи-Уомари кизгæ Зæрини. Назир косун райдæдта Гулæри авданзон скъолай физикон културæ æма фæллойни ахургæнæгæй, уотемæй си дæс æма инсæй анзи фæккуста. Скъоладзаутæ 'й берæ уарзтонцæ, е 'мкосгутæ ба ин кадæ кодтонцæ. Æ бийнойнаг Зæрини хæццæ исгъомбæл кодтонцæ фондз фурти æма еу кизгæ. Мæ фидæ Хамихъоти Назир е 'носон дуйнемæ банæхæстæр æй 2001 анзи. Кæд ма фæстæдæр æ тугъдон нæдти хабæрттæй еститæ исбæрæг уа, уæд бабæй сæ финсдзæнæн нæ хъазар газет «Дигори» редакцимæ. Нур ба уин арфæ кæнун, Устур Фидибæстон тугъди архайгутæбæл ахид ке дæттетæ цæмæдесаг æрмæгутæ газети фæрстæбæл, уой туххæй.

***ХАМИХЪОТИ Алихан***

**Уæрæсей 7 майи бæрæггонд цудæй радиой Бон. Зæрдиагæй арфæ, Цæгат Иристони аци ахсгиаг къабази ка фæллойнæ кæнуй, уонæн еугуремæн дæр.**

*лæгдзийнади бæнттæ адтæнцæ етæ. Сувæллон е ’мгъудæй берæ раздæр лæгти æмрæнгъæ ку лæудтæй, зæрæндтæ сæ зæруабæл ку нæбал састæнцæ, саугæнгæ ма нæ кизгуттæ дæр æфсæддони цинелтæ ку искодтонцæ æма сæ къохтæмæ тохæнгæрзтæ ку райстонцæ, еци бæгъатæри бæнтти. Еугур зиндзийнæдтæн дæр ниббухстан, æма цифуддæр знагбæл фæуузлахез ан...»*



*ДЗАТТИАТИ Тотурбег, ГУБАТИ Чермен*

# МАКÆД СÆ ФЕРОНХ КÆНÆ, ИРИСТОН!..




## МИСТÆ КЪАХТА ÆМА ÆХЕЦÆН – ТИКИСИ СÆР ИССИРДТА!..

Немуцаг фашистон æрбалæборгутæй Орджоникидзе (Дзæуæгигъæу) багъæуай кæнуни гъуддæгути ка архайдта – Сурх Æфсади тугъдонтæй ба хумæтæг фæллойнæгæнгути уæнгæ, – уонæн сæ еугуремæн дæр сæ нифс федарæй-федардæр адтæй: знаг некæцихузи байервæздзæнæй Цæгат Иристони сæйраг сахармæ.

Знаг æнæмæнгæ састи бунати ке ’равзурдзæнæй, Цæгат Иристони зæнхæбæл æ «уæлахезон» балцийæн ами кæронгонд ке ’рцæудзæнæй æма ардигæй фæстæмæ ке фæлледзæги уодзæнæй, е немуцаг-фашистон балхонтæн сæ гъудий кæрони дæр нæ адтæй – уоййасæбæл истæлтæг æнцæ сæ раздæри уæлахезтæй, сæхебæл æгæр ранвæрстæнцæ. Зæгъæн, Клейст 1942 анзи 3 ноябри равардта бардзурд: «Хуцаубæл фæдзæхстæй Кавказмæ хъазауатонæй цæуæн!..» Æхецæн федарæй куд иснисан кодта, уотемæй 7 ноябри Октябри революций 25-аг анзи бæрæгбони гъæуама е ’фсæдтæн е парад байгон кодтайдæ Орджоникидзей.

Æ еци фæндæ цума фæрræстмæ ’й, уотæ имæ рагацау кастæй: Гизæлæй ма сахари астæу байзадæй айдагъдæр авд километри. Æма имæ е еу нимпурсти фагæй уæлдай нæбал кастæй.

Фал, нæ рагфидтæлтæ куд зæгъиуонцæ, мистæ къахта æма æхецæн – тикиси сæр иссирдта.

Фашистон дууæ танкон дивизий æвзаргæ полкти хæццæ лæгарстонцæ Гизæлæй сахармæ. Дзармадзантæ æмгуппæй пурхæ кодтонцæ хæдзæрттæ, советон æфсади гъæуайкæнуйнади арæзтæдтæ, берæ хуæдтæхгутæ калдтонцæ бомбитæ æма усхъуммæ хаттонцæ зæнхæ. Гур-гур æма гæбар-губурæй байдзаг æнцæ фалдзостæ, гъостæ си къуру кодтонцæ. Гизæлæй сахари астæу будури сæрмæ исбадтæй тугъди хъуæци сау мегъæ.

Фудголи æрдонгтæн фиццаг гæрзефтонг нихкъуæрд равардтонцæ Орджоникидзей дивизий хæйттæ (сæ командир инæлар Киселев); майор Осипови афицерти-курсантти, майор Соснови сурхтурусагин 26-аг, дæлболкъон Морозови сибийраг 273-аг, Тулаг 34-аг фестæг 169-аг полктæ.

Уонæн агъаз кодтонцæ дивизий артиллеристтæ, гвардион «катюшити» батарейтæ, зенитчиктæ, майортæ Павленко æма Македонови дзармадзанти полктæ...

Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар Иван Рослыйи 11-аг гвардион корпус Орджоникидземæ æвæстеуатæй æрбахъæрттæй Малгобекæй, æмгъудгонд рæстæгæй æртæ бони раздæр æма гъæуайкæнуйнади гъуддаг æрæвардта уотæ: Æрхонки станицæ – Æрæдони хутор – Фиййагдон-Дзиуаригъæу – Майрæмадаг. Æ тугъдон хæйттæ, уæлдайдæр ба курсантти-денгизонти 34-аг бригадæ нæма адтæнцæ цæттæ знаги æрбампурст ниууорамунмæ. Фал нур Рослый бардзурд равардта æ корпусæн:

– Фиццагидæр, æнæмæнгæ гъæуй знагæн æ цубур равналæнтæ фæуурухдæр кæнун ма бауадзун; дуккагæй, фашисттæмæ фæрсæрдигæй балæборун – Дзиуаригъæу, Майрæмадаг æма Нæуæг Санибай ’рдæмæ æмпурсгæй, уотемæй знæгти «бундортæ» æхсунæн равгæ исаразун.

## «ЦÆТТÆ ДÆН БАРДЗУРД ИСÆНХÆСТ КÆНУНМÆ...»

Уæхæн гъуди хъæбæр раст адтæй: алли рауæнти батальонгай уæззау уавæрти бахауæг 34-аг бригадæн адтæй гъомусгин агъаз; сахармæ ’мпурсæг знаги 13-аг æма 23-аг танкон дивизити сæ резервтæ æма хуæлцæй фæццох кæнун; афонæ ку ’рхъæрта, уæдта Гизæлмæ ’рбампурсæг немуцаг æфсæдти къуар къæппæги бакæнун...

Тугъд... Мæлæтдзаг тугъд карздæрæй-карздæр кодта... Сахари гъæунгтæмæ, гъæуайкæнуйнадæ ’рбатонгæй, ниййарцæ ’нцæ знаги æртинсæй танки. Уони нимпурхæ кæнунмæ арæзт æрцудæй Киселеви дивизий сæйраг хъауритæ, дзармадзантæ æма танкцæгъдæг къуæрттæ.

Сахармæ байервæзуни тасдзийнадæ исæгæр æй, фал Орджоникидзе гъæуайгæнæг еугур æфсæддон хæйттæ дæр фронти командæгæнæг Тюленеви бардзурдмæ гæсгæ бацудæнцæ карзæй-карздæр тохи æма аллирдигæй дæр тухсун кодтонцæ фашистти æфсæдти, лæбурдтонцæ сæмæ æма сæ нæбал бауагътонцæ, сахармæ ци танкити къуар балæборунмæ гъавта, уонæн фæййагъаз кæнун.

Еци бæнтти знаг Дзæуæгигъæумæ кæбæлти байервæзунмæ гъавта, еци рауæнтæй еугуреми дæр цудæнцæ æверхъау тугъдтитæ. Уотæ гъæу Рассвети фалдзости дæр. Уоми тугъдтити архайæг адтæй лейтенант Виталий Целиков дæр. Æма еци хъазауатон бæнтти хабæрттæ имисгæй, ракодта мæнæ ауæхæн цауи кой.

Еу изæр, дан, нæмæ нæ комбриг фæдздзурдта æхемæ. Баййафтан æй хъæбæр тингунæй. Æ фарсмæ бадтæй гвардий 11-аг корпуси командир инæлар Хижняк æма ма нæ ци балæдæрун гъудæй, минкъий гъуддаги туххæй нæ ке нæ рамбурд кодтонцæ, е.

– Зæгъайтæ мин: е циуавæр Рассвет æй, сау циртæй уæлдай ин ку неци лæдæрун, уæд? – гъæрæй æма мæстгунæй дзурдта комбриг Ворожищец. – Дони сæрти бахезун нæ фæразæн... Уæхæн минкъий гъæу знагæй иссæребарæ кæнун нæ бон нæй? Майрæмадагæй кенæ Гизæлæй фуддæр рауæн æй? Æви тох кæнун нæбал зонæн? Æсгаргутæ нæмæ нæбал ес? Æви нæ размæ æмпурсун нæ фæндуй? Идарддæр уотæ ку уа, уæд нин уой неке ниххатир кæндзæнæй... Мæнæ корпуси командир бардзурд равардта, Рассвети гъæу лæмбунæг басгарун æма исбæлвурд кæнуни туххæй... Бардзурдæн æнæ исæнхæстгæнæн нæййес... Барвæндæй уи Рассветмæ ка цæуй æсгарди?

Лæдæргæ ’й куд нæ бакодтайанæ, фал сибиртт неке искодта.

– Ке уи фæндуй, гъуддаг æхемæ барвæндæй райсун, е æ къох исдарæд, – загъта бабæй комбриг æма нæбæл æ цæстингас рахаста.

Цалдæремæй сæ къохтæ исдардтонцæ. Æз ба æнцад бадтæн уонæмæ гæсгæ.

– Дæумæ ба ци фæндæ ес, Целиков? – мæнæрдæмæ ’рбакастæй комбриг.

– Цæттæ дæн бардзурд исæнхæст кæнунмæ, æмбал болкъон, – фестадтæн æз дæр мæ бунатæй.

## СОВЕТОН ÆСГАРГУТИ ÆХСÆВИГОН НИМПУРСТ ЗНАГИ ФÆСКЪИЛДУНМÆ...

Истгæ бæргæ фæккодтон. Нифсхастæй дзуапп бæргæ равардтон, фал... Цидæр æнахур тасдзийнадæй ме ’уæнгти уазал рагъардта, мæ сорхед ракалдæй: цæститæбæл рауадæнцæ, уой размæ тугъдтити нæ фашисттæ Рассвети донибилтæбæл куд цагътонцæ, е. Ке батухстæн, уой комбриг ралæдæрдтæй æма бабæй мæ рафарста:

– Ци кодтай, Целиков, ку ниффæлорс дæ? – иннетæмæ ракастæй, минкъий расагъæс кодта æма загъта:

– Нисан дæ кæнун къуари командирæй, Целиков, дæхе æрцæттæ кæнæ ихæс æнхæст кæнунмæ... Дæхуæдæг равзарæ æсгаргути дæ къуармæ.

– Цæттæ дæн ихæс исæнхæст кæнунмæ, æмбал комбриг.

Батальони бæгъатæрдæрти хуарз зудтон æма мин зин нæ адтæй уонæй æмбæлттæ равзарун.



**Гизæли фалдзости тугъдтити рæстæг алæмæти æхсаргинæй фескъуæлхтæнцæ æзгъæрæхсæн топпæйæхсæг фазон æнсувæртæ Дмитрий æма Иван ОСТАПЕНКО, уæдта се ’мбал пулеметæйæхсæг ПОРТЯНКИН (къари – рахесæрдигæй галеуæрдæмæ). Се ’скъуæлхтдзийнади туххæй Дмитрийæн аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, Иван æма Портянкинæн ба – Ленини ордентæ.**

Мæ къуармæ барвæндæй æрбацудæнцæ Андроник Сафаров (уæд хестæр сержант адтæй), сержанттæ Воронцов, Подшип æма Фатеев, санинструктор Тер-Абрамов, денгизонтæ Дзугайфурт, Мамий-фурт, Данилянц, Салуквадзе, Самсонов, Раслевич, Некронов, Головинчик, Дзеранифурт, Шизулин, Широков, – мах хæццæ æвддæс адтан, аллихузон адæмихæттитæй.

Æхсæвигон рандæ ан нæ ихæс æнхæст кæнунмæ. Бахъæрттан, махæй знаги астæу – цæугæдон Фиййагдонмæ. Уоййасæбæл устур нæй, фал ехи буни фæцæй æма исæмбухта. Сау мæйдар нæ римахста знаги цæстæй, уотемæй гъузгæ-гъузгæ бахизтан ехмæ æма салд мæрдти ’хсæнти бурдан нæ губунтæбæл.

Мæ гъостæбæл рауадæй унæр. Æригъустон. Салд зæнхæбæл фæттухгиндæр æй къæхти гъæр. Кæми ’нцæ? Ме’мбæлттæн балæдæрун кодтон: нæ рази хæстæг рауæн знаги гъæуайгæнæг... Къæрцгъосæй кæсетæ, æнæ стуфæй æй фегуппæг кæнæн.

Бурæн идарддæр сабургай, нæ уолæфт ниууорамгæй. Уинун гъæуайгæнæги: сау æндæрг – минкъий идардгомау. Мæ медбунати зæнхæбæл ниддæлгоммæ дæн. Гъæуайгæнæг æ къæхтæ зæнхæбæл æрхуаста æма идарддæр фæццæуй. Сафарови хæццæ фæггæппитæ кодтан, райахæстан æй, æ цъух ин фехгæдтан æма Андроники кард знаги реуи бамедæг æй. Исгъæр кæнун æ бон нæбал иссæй.

Мах дæр уомæ бæлдтан. Нур нæ «куст» фенцондæр æй, фунæй знæгти ка гъæуама райгъал кодтайдæ, еци «дзæнгæрæгæй» тæссаг нæбал æй. Фиццаг хæдзарæбæл рамбурд ан цалдæремæй. Æркæститæ имæ кодтан. Æзмæлæг нæ адтæй дуармæ, медæгæй дæр унæр нæ игъустæй. Хæдзари хонсарварси фарсбæл рауидтан пулеметти сау цъухтæ, танкæхсæн топпити бунæттæ. Хæдзарæ – дот!..

Нæхе æгириддæр нæ исгъæр кæнгæй, агурдтан, знаги штаб кæми æрбунат кодта, еци хæдзарæ, æма уотемæй бахъæрттан гъæуи астæумæ. Штаб ци хæдзари æнгъалдтан, уой рæбун рамбурд ан. Доти æфсæддонтæ сæ тарфунæйбæл адтæнцæ æма уой байахæссун нин æнцонæй бантæстæй.

## ДОНИБИЛÆБÆЛ ХÆДЗÆРТТÆЙ ИСАРАЗТОНЦÆ ФЕДÆРТТÆ...

Уой фæсте дууæ дехи фæцан. Сафарови къуар гъæуи хæдзæрттæбæл разилдæй цæгатæрдæмæ, мæн къуар – хонсарæрдæмæ, уотемæй æсгарæн федар. Нур нæ сæйрагдæр ихæс адтæй федари штаб иссерун æма ин æ документтæ рахæссун. Иннæ ихæс – федари сосæгдзийнадæ базонун, басæттун цæмæннæ комуй, уой рабæрæг кæнун – æма е нæ къохи бафтудæй.

Куд исбæрæг кодтан, уотемæй хæдзæрттæ арæзт æнцæ донибилæбæл рæнгъæй æма си алке буни дæр – аллихузон тохæндзаумауæй ефтонггонд уæрмæ.

* * *

*Советон æсгаргути къуари еци «балци» идарддæр куд рауадæй, уой туххæй нæ дзубанди рахъæртун кæндзинан нæ газети иннæ номери. Абони ба нæ фæндуй еу ахсгиаг хабар ма æргъуди кæнун. Сæдæ анзей размæ (1924 анзи 16 апърели нисангонд æрцудæй нæ бæсти цитгиндæр хуæрзеуæг – Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Еугæр абони нæ дзубанди æй, Цæгат Иристони зæнхæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй иссæребарæ кæнуни фæдбæл тугъдтити туххæй, уæд зæгъун гъæуй уой, æма уонæми фескъуæлхæг советон тугъдонтæй е ’хсардзийнади туххæй аккаггонд æрцудæй еци кадгин ном. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 6-аг фарсбæл.*

*(Идарддæр. Райдайæн нæ газети аци анзи 14-15 номерти.)*

**Фиццаг Украинаг фронти æфсæдтæ 1945 анзи 9 майи немуцаг-фашистон æрдонгтæй исуæгъдæ кодтонцæ уæди Чехословакий сæйраг сахар Прагæ.**


ГАБОЛАТИ Анзори фурт Геуæрги


ГЪУЦЪУНАТИ Тæтæрхъани фурт Морат


ГЪУЦЪУНАТИ Тæтæрхъани фурт Асаф


ДАРЧИТИ Хъазбеги фурт Михаил


СЕКЪИНАТИ Хъаурбеги фурт Михаил (1924-1999)


ДЗАГУРТИ Басай фурт Сарæбий (1916-1945)


ДЗАВКАТИ Ильяйи фурт Владимир


ДЗОТЦОЙТИ Хаджумари фурт Геуæрги (1918-2010)


ДЗОТЦОЙТИ Хаджумари фурт Виктор (1924-1946)


ЗОЛОЙТИ Антони фурт Дудар


ДЗОТЦОЙТИ Харитони фурт Савелий (1920-1997)


ДЗОТЦОЙТИ Ивани фурт Михаил (1914-2006)


ДЗОТЦОЙТИ Василийи фурт Тотраз (1914-1969)


ДРЕТИ Аслæнбеги фурт Ахмæт (1912-1943)


ДÆГУЙТИ Герийи фурт Минчий (1905-1968)


ДЗОДЗАТИ Ильяйи фурт Виктор (1921-1942)


**ДЗАРДАНТИ Тимофейи фурт Зелимхан**


**ДЗАРГАСТИ Константини фурт Хъазбег (1912-1943)**


**ДЗОТЦОЙТИ Василийи фурт Батраз (1919-1972)**


**ГÆДЗАОНТИ Хъалицухъи фурт Сафарбий (1918-1966)**


**ЕТДЗАТИ Александри фурт Зелимхан (1921-1943)**


**ИКЪАТИ Дафай фурт Аркади (1918-1943)**


**КАСАТИ Александри фурт Кермен (1921-1942)**


**КАЛОТИ Андрейи фурт Петр (1908-1944)**


**КЕРТАНТИ Дзахой фурт Ибрагим (1924-1986)**


**ДЗАНТУТИ Майрæни фурт Дзамболат (1900-1941)**


**ЗАЛЕТИ Михаили фурт Майрæн (1919-1941)**


**КЕСАТИ Кирилли фурт Андрей (1899-1945)**


**КЪЕСАТИ Дзахой фурт Æхсарæ (1913-1944)**


**КЪОДОЙТИ Александри фурт Саввæ (1906-1942)**


**КЪОРНАТИ Цæрайи фурт Алексей (1916-1943)**


**КЪОЦКИТИ Дабеги фурт Барис (1915-1943)**

***Иван ТЮЛЕНЕВ, æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр, Фæскавказаг фронти командæгæнæг: «Устур Фидибæстон тугъди анзфинсти 1942-1943 æнзтæ нимад æнцæ тæккæ уæззаудæртæбæл. Гитлеронтæ сæ бицъинæг æскъудтонцæ, цæмæй Сталинград байахæстайуонцæ, Грозна æма Бакуй нефтьмæ байервазтайуонцæ æма Райгурæн бæстæ***




# ИРИСТОН СИ СÆРУСТУР ÆЙ ÆХЕ БÆГЪАТÆРТИ ХУЗÆН

Ку зæгъæн, Советон Цæдеси Бæгъатæри ном лæвæрд æрцудæй, Цæгат Иристони зæнхæбæл знаги нихмæ тугъдтити алæмæти лæгдзийнадæ ка равдиста, еци советон тугъдонтæй беретæн.

Уонæй еу – **Василий Артеми фурт Колесник**. Е адтæй тæхæг. Устур Фидибæстон тугъди архайдта æ райдайæни фиццаг бонæй фæстæмæ. Капитан В. Колесник 1943 анзи уæнгæ уæлдæфон тугъдтити айдагъ æхуæдæг знаги хуæдтæхгутæй æргæлста цуппар, аст ба æ къуари хæццæ. Никки ниддæрæн кодта знаги цалдæр танки, 127 хуæдтолги, 38 дзармадзани, берæ фашисттæ ба, ци бомбитæ сæбæл æргæлста, уонæй мард фæцæнцæ.

Фашисттæ Кавказ æнæгъæнæйдæр байахæссунбæл сæ уодæй уод ку кодтонцæ, уæд коммунист В.Колесники хуæдтæхгути къуар æнауæрдонæй дæрæн кодта фудæзнаги.

Василий тугъди размæ цардæй Кæсæг-Балхъари æма ин аци бунæттæ хуарз зундгонд адтæнцæ. Аци рауæн уæлдæфон тугъдтити архайдта хъæбæр бæгъатæрæй.

В.Колесники хуæдтæхгути къуар 1942 анзи 19 октябри Елхоттæмæ хæстæг уæлдæфи исæмбалдæй знаги хуæдтæхгутæбæл æма си æхсаргин тæхæг æхуæдæг æргæлста дууæ. Е устур бæгъатæрдзийнадæ равдиста, немуцаг фашисттæ Мæздæги 'рдæмæ ку æмпурстонцæ, еци рæстæг. Пурхæ кодта знаги техникæ æма уæлдæфон тухтæ. Газеттæ куд финстонцæ, уотемæй В.Колесники къуар знаги аэродроми ниппурхæ кодта дæс хуæдтæхæги.

Еу бон капитан Колесникмæ фæдздзурдта дивизий командир инæлар Скоблик æма ин бабарæ кодта знаги хъауритæ исбæрæг кæнуни ихæс. Бардзурд æнхæст кæнунмæ фæттахтæй лейтенант Лезакой хæццæ. Ихæслæвæрд исæнхæст кæнуни фæсте се 'фсæддон хаймæ ку 'здахтæнцæ, уæд сæ размæ фæцæнцæ знаги æхсæз хуæдтæхæги. Байеудагъ æй карз тох. Æма бабæй советон тæхгутæ фæуууæлахез æнцæ. Еци тугъдтити Василий фæццæф æй, фал уæддæр æ хуæдтæхæг æрбахъæртун кодта не 'фсæдтæ кæми адтæнцæ, уордæмæ. Капитан В.Колесникæн 1943 анзи 24 августи лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

* * *

Гурдзиаг лæхъуæн **Николай Ивани фурт Гогичаишвилийæн** знаги нихмæ тугъдтити фиццаг хатт архайгæ рауадæй 1942 анзи Дæллаг Санибай фалдзости. Еци рæстæг немуцаг-фашистон æрдонгти разамунд ардæмæ 'рбакодтонцæ 100 танки æма дууæ полккей бæрцæ фестæг æфсæдтæ. Знаг цæттæ кодта тухгин размæмпурст, фал махонтæ уонæй фæрраздæр æнцæ. Еци тугъди устур бæгъатæрдзийнадæ равдиста Гогичаишвили, рамардта финддæс фашисти. Æ бæгъатæрдзийнади фæрци æфсæддон къуар æнтæстгинæй исæнхæст кодта æ ихæс. Æ еци æфсæддон æскъуæлхтдзийнади туххæй æхсаргин тугъдон Николай Гогичаишвилийæн 1942 анзи 13 декабри лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, е 'мбæлттæн ба – ордентæ æма майдантæ. Николай ма уой фæсте дæр еу æма дууæ хатти нæ бавдиста бæгъатæрдзийнадæ, Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй сæребарæ кæнгæй.

* * *

Советон æхсаргин тæхæг **Константин Афанасийи фурт Новиков** алкæддæр уæлдæфмæ тахтæй æнæмæнгæ фæуууæлахез унæй нифсгун уогæй. Æма æвдиста алæмæти бæгъатæрдзийнадæ. Цæгат Иристони зæнхæмæ гитлерон æрдонгтæ 1942 анзи ку лæбурдтонцæ, уæд гвардий кæстæр лейтенант Константин Новиков е 'мбал кæстæр лейтенант Михайлови хæццæ хæрхæмбæлд фæцæнцæ знаги хуæдтæхæги хæццæ. Иситинг æй карз тох. Махонтæ æргæлстонцæ сæ нихмæлæууæг знаги хуæдтæхæг. Фал уæдмæ нæ дууæ бæгъатæр тæхæгей сæрмæ фæззиндтæнцæ знаги цалдæр хуæдтæхæги. Константин е 'мбалмæ фæдздзурдта: «Æз цæун сæ нихмæ…» Цæхгæрмæ фæззилдæй æ хуæдтæхæг æма ин æ биринкъæй искъуæрдта знаги хуæдтæхæги къæдзелæ. Е уайтæкки зæнхæмæ, хъуæцæ калгæй, рафардæг æй. Новиков ба дзæбæхæй æрбатахтæй нæхе аэродроммæ. Константинæн лæвæрд æрцудæй Сурх Турусай орден. 1942 анзи 26 октябри Беслæнигъæу гъæуайгæнгæй, Новиков еунæгæй лæгæй-лæгмæ исæмбалдæй знаги дууæ хуæдтæхæгей хæццæ. Еци тугъди советон тæхæг фæцæй уæззау цæф, фал уæддæр, цалинмæ æ гилдзитæ нæ фæцæнцæ, уæдмæ æ тох нæ ниуууагъта. Новиковæн 1943 анзи 1 майи лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. 1946 анзи капитан К.А. Новиков, е 'нæнездзийнадæ ке ислæмæгъ æй, уомæ гæсгæ рацудæй æфсадæй. Æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1954 анзи.

* * *

Цæгат Иристони уæлдæфон тугъдтити æхсаргинæй ка фескъуæлхтæй, уонæй еу адтæй 7-аг гвардион Ленини орденхæссæг авиацион полкки тæхæг **Василий Григорийи фурт Шамшурин** дæр. Е райгурдæй 1923 анзи 25 ноябри Удмуртий гъæу Красноярски (нуртæккæ еци гъæу нæбал æй).

Уоми рарвиста æ сабийбонтæ, уоми æй æхсæрдæсанздзудæй райстонцæ фæскомцæдеси рæнгъитæмæ. Рагæйдæр бæлдтæй тæхæг исунмæ, æма 1940 анзи бацудæй ахур кæнунмæ тæхгути скъоламæ. Уæдмæ райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Василий исбадтæй тугъдон хуæдтæхæгбæл.

Дууæ æма инсæй тугъдон тахти ракодта Хонсар æма Фæскавкази фронтти. Хонсар фронти æргæлста немуцаг-фашистон цуппар хуæдтæхæги, басугъта аст танки, æстдæс хуæдтолги, знаги æфсæддонтæй æртинсæй барвиста мæрдти бæстæмæ. Фæскавкази фронти В.Шамшурин ниппурхæ кодта æхсæз танки, цуппæрдæс хуæдтолги, дууæ бронемашини, рамардта знаги дууинсæй æфсæддони æма афицери.

…Уæд бабæй еу бон В.Шамшурин æнæгурусхæй тахтæй æ тугъдон ихæс æнхæст кæнунмæ. Æ ихæс ба адтæй уæхæн: Дзиуаригъæумæ хæстæг знаги хæрдмæхсæн дзармадзантæ ниппурхæ кæнун. Фашисттæ советон хуæдтæхæгбæл исаразтонцæ «дорадзагъд» аллихузон тохæнгæрзтæй. Хуæдтæхæг иссугъдæй… Тæхæги бон адтæй цæфсгæ хуæдтæхæгæй хе рагæлдзун, парашютæй испайда кæнгæй. Ка 'й зонуй, уæхæн гъуди æ сæри игургæ дæр фæккодта, фал уотæ нæ бакодта! Бæгъатæр тæхæг знагмæ бахаун æ сæрмæ не 'рхаста, исарази æй мæлæтбæл.

Æ фæстаг хъауритæ ма æрбамбурд кодта æма æ хуæдтæхæг исаразта знаги танкитæ æма хуæдтолгитæ кæми бамбурд æнцæ, уордæмæ. Исаразта ма син фæстаг тогуарæн…

Еци цаубæл дзорунцæ Советон Цæдеси гъæуайкæнуйнади министради сæйраг архиви документтæ. Василий Шамшуринæн 1943 анзи 8 феврали лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, æ мæлæти фæсте. Æ райгурæн гъæу Красноярски ин циртдзæвæн æвæрд æрцудæй… Фал еци гъæу абони нæбал æй, æма еци циртдзæвæн ци бацæй, уой ба нæ зонæн. Фал æ базонунбæл ба байархайдзинан. Бæгъатæрти номерæн гъуддæгутæ гъæуама æносон уонцæ.


БАРДЕЕВ Александр Петри фурт


БОРОНИН Иван Константини фурт


ГОГИЧАИШВИЛИ Николай Ивани фурт


КОЛЕСНИК Василий Артеми фурт


НОВИКОВ Константин Афанасийи фурт


РУДЕНКО Петр Ивани фурт


ШАМШУРИН Василий Григорийи фурт

**ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указæй 1945 анзи 9 майи нисангонд æрцудæй майдан «1941-1945 æнзти Устур Фидибæстон тугъди Германибæл фæуууæлахези туххæй».**

*бардзурд равардта: знаги бауорамун, æ тухтæ ин ислæмæгъ кæнун æма 'й уордигæй фæстæмæ ранхуæрсун. Æма еци бардзурд æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй. Знаг кæд цийфæнди хъаурæгин адтæй, уæддæр уомæй тухгиндæр разиндтæнцæ нæ советон адæмти Фидибæстæбæл еузæрдиуондзийнадæ. Æма знагбæл фæуууæлахез æнцæ...»*



Нæ бон æй Василий Шамшурини иристойнаг Гастелло исхонун. Петр Барбашов æма Петр Гужвин Иристони зæнхæбæл Александр Матросови æнæмæлгæ бæгъатæрдзийнадæ куд бавдистонцæ, уотæ В. Шамшурин ба бавдиста Николай Гастеллой бæгъатæрдзийнадæ.

Æхсаргин тæхæг 1941 анзи 26 июни æ хуæдтæхæг знаги нæмугæй ку исцæфстæй, уæд æй еци содзгæ-содзгæй исаразта знаги тугъдон техники колоннæмæ æма сæ исрæдувта, агъазиау зæран син æрхæсгæй.

* * *

Цæгат Иристони уæлæрвти немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити æхе æхсаргинæй бавдиста 366-аг бомбæгæлдзæн авиацион полкки эскадрилий командир **Александр Петри фурт Бардеев**. Тугъди размæ цардæй Гурдзий сахар Кутаисий. Тугъди рæстæг æ эскадрили 1942 анзи уæнгæ искодта 890 тугъдон ратахти, ниппурхæ кодта знаги 117 танки, 979 хуæдтолги, 18 хуæдтæхæги æма æндæр техникæ.

Уæлдай устурдæр æскъуæлхтдзийнæдтæ бантæстæй А.Бардеевæн Мæздæги сæрмæ уæлдæфон тугъдтити. Уотæ, 22 августи 1942 анзи эскадрилий тæхгутæ ниппурхæ кодтонцæ дууадæс танки, 50 хуæдтолги, рамардтонцæ знаги 180 æфсæддони æма афицери. Е 'скъуæлхтдзийнади туххæй Александр Бардеевæн 1942 анзи 13 декабри лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

* * *

Еци авиацион полкки А. Бардееви хæццæ адтæй майор **Иван Константини фурт Боронин**. Е райгурдæй Волги билæбæл, хутор Титовскийи. Тугъди рæстæги Мæздæги размæ Иван Боронин æхсæвæй-бонмæ тох кодта знаги нихмæ, пурхæ ин кодта æ техникæ. Æ еци тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæмæ гæсгæ уомæн дæр аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном – 1944 анзи 22 июли.

* * *

Цæгат Иристони рæстæг тугъдтити фескъуæлхтæй украинаг лæхъуæн **Петр Ивани фурт Руденко**. Дессаги искурдиадæгин тæхæг адтæй, хумæтæги нæ исæй уæд эскадрилий командири хуæдæййевæг дæр. Уæдта ма ин аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном – уой фæдбæл Указ рацудæй 1942 анзи 13 декабри, фал еци хабар æхсаргин тæхæг, гъулæггагæн, æхуæдæг нæбал базудта – уомæй бон раздæр, 12 декабри фæммард æй Мæздæги сæрмæ уæлдæфон тугъди рæстæг. Байвардтонцæ 'й Стъараполи крайи Курской райони станицæ Галюгаевскийи. Æ рæстæги æ ном лæвæрд æрцудæй Сумски облæсти сахар Конотопи 8-анзон скъола æма гъæунгæн. Нæ зонæн, нур Украини ци æзмæнститæ цæуй, уонæмæ гæсгæ бæгъатæри ном еруни уавæр куд æй, уой.

* * *

*Нур ба нæ сæрмагондæй радзорун фæндуйСоветон Цæдеси Бæгъатæр Юрий Эммануили фурт Бунимовичи туххæй – уой дæр уомæ гæсгæ, æма 13 мартъий æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1944).*




# КУ БАГЪУДÆЙ, УÆД ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ РАВАРДТА Æ ЦАРД...

Дзæуæгигъæуи цæрæг, æфсæнвæндаги косæг Эммануил Бунимовичи хæдзарæмæ 1919 анзи 13 мартъий арфити хæццæ берæ адæм цудæй. Цийни хабари фæдбæл – аци адæмуарзон æма адæмæн уарзон бийнонтæ фæффулдæр æнцæ нæуæгигурд биццеуæй. Исхудтонцæ 'й Юрий. Цард цудæй, æ кæнон кодта, мадта сувæллон дæр ци кодтайдæ – ирæзтæй æ ниййерæг мади фæндæуагæ æнæнезæй, цардбæллонæй.

Ку рабайлæгъ æй, уæд фæскомцæдеси райкоми рекомендацимæ гæсгæ ахур кæнунмæ бацудæй Ейски æфсæддон-денгизон училищемæ, каст æй фæцæй 1940 анзи. Лейтенант Юрий Бунимович 1941 анзи мартъий æрвист æрцудæй Сурхтурусагин Балтий флоти авиацион хаймæ.

Уæди рæстæгути дуйней уавæр тæссагæй-тæссагдæр кодта, еугур бæлæхтæ аразæг иссæй фашистон Германи. Æ нацистон разамонгути сæ тогмондаг фæндитæй бустæги истæлтæг æнцæ – æнæгъæнæ Европæ сæ буни никкодтонцæ, фал уæддæр «æфсес» нæ зудтонцæ, мæнæ сирд тоги тæфмæ куд исæрра уй, уотæ мондагæй-мондагдæр кодтонцæ. Уогæ сæ сæйраг нисан бæрæг адтæй – Советон Цæдес. Æма се 'сæфти къахбæл ниллæудтæнцæ – 1941 анзи сæрди Германий тугъдмондаг разамонгутæ бавналдтонцæ сæ сау фæндитæ æнхæст кæнунмæ, 22 июни сæумицъæхæй æрбампурстонцæ Советон Цæдесмæ, æ ниддæрæн кæнуни фæнди хæццæ. Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд.

Тугъди тæккæ райдайæни Балтий флот ци уавæри бахаудтæй, уæхæн уавæри уæд иннæ флоттæй еунæг дæр нæ адтæй. Фронт, фæскъилдун, флангтæ – еци еугур «бæрæггæнæнтæ» неци бæрæг дардтонцæ, флот цæмæй æнтæстгинæй архайа, уомæн ци фадуæттæ гъудæй, уонæй Балтий флот хъæбæр искунæг æй. Авиацибæл ба æвæрд адтæй флот гъæуай кæнуни, знаги денгизи дæр, сорзæнхæбæл дæр æма уæлдæфи дæр дæрæн кæнуни ихæс.

Юрий Бунимович тугъдæн æ фиццаг бæнттæй фæстæмæ æхе бавдиста зæрдæргъæвд æма бæгъатæр тæхæгæй. Иснисан æй кодтонцæ бомбардировщикти экипажи командирæй. Æхсæвæй-бонæй, фæллад гъуди дæр нæ кæнгæй, бомбитæ æма торпедитæй дæрæн кодтонцæ знаги наутæ, тугъдон-денгизон базитæ, знаги фестæг æфсæдти къуæрттæ. Уæди рæстæги ахидæй-ахиддæр газетти фæрстæбæл кой кæнун райдæдтонцæ Бунимовичи сахъ гъуддæгути кой. 1942 анзи мартъий Бунимович иссæй лейтенант, августи – хестæр лейтенант, 1943 анзи мартъий ба – капитан. Авиацион полкки фæскомцæдесон организаци партий рæнгъитæмæ бацæуни туххæй ин ци рекомендаци равардта, уоми финста: «Юрий Эммануили фурт Бунимович тугъдтити бавдиста, æцæг коммунист ке æй, уой...» Æма æцæгæйдæр уотæ адтæй. Мæнæ Бунимовичи туххæй минон-торпедон авиацион дивизий командир болкъон Сахаров куд финста: «За период Отечественной войны произвел 98 боевых вылетов на самолете ДБ-3 в глубокие и ближние тылы противника. Наносил бомбардировочные удары по военным объектам Хельсинки, Котка, Таллина... Летал на уничтожение танков и живой силы противника в районе южнее озера Самро, Ивановское, Липовское, по дороге Порхов-Дно, Псков-Мга. Бомбил корабли противника в портах Выборг, Котка, Таллин. 23 боевых вылета совершил на постановку минных банок на фарватерах Хельсинки, Котка, в проливе Биорке-Зунд. 15 раз летал на разведку восточной и северной части Балтийского моря и совершал крейсерские полеты с торпедой...»

Куд дæсни тæхæг, уотæ имæ фæззиндтæй торпедон атаки æхе тактикæ: знагмæ хъæбæр бахæстæг ун æма 'й æнæмæнгæй ниццæвун. Æхуæдæг дæр уотæ тох кодта, уæдта иннети дæр ахур кодта. Знагæн ци берæ зæрантæ æрхаста, уони нимайунæн берæ рæстæг гъæуй, уомæ гæсгæ си ранимайдзинан еуцалдæр – дони буни фæккодта æхсæз транспортон фæрæзни, танкер, дууæ гъæуайгæнæг науи, ниддæрæн кодта цалдæр хуæдтæхæги знаги аэродромти, уæлдæфон тугъдтити æргæлста æртæ хуæдтæхæги...

Тугъд тугъд æй, адæймаг си æхе бустæги кæми багъæуай кæндзæнæй. Юрий дæр еу æма дууæ хатти нæ фæццæф æй, уой хæццæ ба уæззау цæфтæ дæр, фал уæддæр æ тохуни гъуддагæй нæ фæццох æй. Æхсаргин тæхæгæн лæвæрд æрцудæй Сурх Турусай æртæ ордени. Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ин цæмæй лæвæрд æрцæуа, уой фæдбæл ци гæгъæдитæ бацæттæ кодтонцæ, уонæми дивизий командир финста: «Гвардии капитан Бунимович в совершенстве владеет тяжелым бомбардировщиком-торпедоносцем, летает в любых метеоусловиях, днем и ночью. Смелый, решительный, инициативный и выносливый боец. Настойчиво ищет врага и уничтожает его.

За мастерски проведенные торпедные удары, за смелость и мужество, проявленные в боях, гвардии капитан Бунимович Юрий Эммануилович достоин высшей правительственной награды – присвоения звания Героя Советского Союза».

ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном Бунимовичæн лæвæрд æрцудæй 1944 анзи 22 январи. Фал еци æхцæуæн хабар сахъ тæхæг æхуæдæг нæбал базудта... 1944 анзи 14 январь устур цийни бон адтæй æнæгъæнæ Балтий флот, Ленинград гъæуайгæнгутæн – еци бон не 'фсæдтæ Ленинград æма Новгороди бунмæ æнтæстгинæй дæрæн кæнун райдæдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгти. Фал Бунимовичæн еци бон иссæй адзали бон. Еунæг бонбæл цуппæрæймаг хатт æздахтæй е æ тугъдон ихæстæ æнхæст кæнунæй. Неци лазæ имæ адтæй, уотемæй бæргæ æздахтæй, æцæг æ хуæдтæхæги бактæ ба артагæй исуæгъдæ 'нцæ. Бомбитæ кæбæл æркала, еци нисантæ агоргæй, уæдта знаги хуæдтæхгути хæццæ дæр тохгæ ке рауадæй, уомæ гæсгæ æгæр бафæстеуат æй уæлдæфи, аэродроммæ ба ма берæ тæхун гъудæй. Тухамæлттæй бахъæрттæй аэродроммæ, фал зæнхæбæл æрбада, зæгъгæ, уотемæй ба фудбæлах æрцудæй... Хуæдтæхæги командири цард уотæ æверхъау хузи фескъудæй...

1944 анзи 13 январи тугъдон ихæс æнхæст кæнгæй, гвардий капитан Юрий Бунимович тохи бацудæй, уæлдæфи æнæнгъæлти ци «Мессершмиттæ» фæззиндтæнцæ, уони хæццæ. Цуппар фашистон кунæггæнæги, еунæг советон бомбитæ-торпедитæхæссæги нихмæ. Тох адтæй цубур æма карз. Æхсаргин цæргæс æ хуæдтæхæг исаразта раззаг «Мессер»-и тæрнихмæ... Уалинмæ ин знаги нæмуг æ усхъæ расугъта. Фæстаг тухтæ æрæмбурд кæнгæй, капитан æ цæф хуæдтæхæг фæйййаразта кунæггæнæг хуæдтæхæги базурмæ. Арв нирроxс æй фехæлди артæй æма дууæ хуæдтæхæги дæр зæнхæмæ æрхаудтæнцæ...

Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй æфсæддон тæхæг капитан Юрий Бунимовичæн 1944 анзи 22 январи ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Аци кадгин ном, Ленини орден æма майдан Сугъзæрийнæ Стъалу ин исаккаг кодтонцæ æ мæлæти фæсте.

Сурх Турусай æртæ орденей кавалер Юрий Бунимовичи байвардтонцæ Ленинградимæ Волхови уæлмæрдти. Бæгъатæри ном хæссуй Стъараполи крайи сахар Пятигорски гъæунгтæй еу. Æ ном иронх нæй нæ райгурæн Иристони цæргутæй дæр – æримисунцæ 'й, искæнунцæ ин кадæ, уæлдайдæр ба æфсæддон намуси бæрæгбæнтти рæстæг. Аци анз æ райгурдбæл фондз æма фондзинсæй анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл дæр, нæ зæрдæ дарæн, арæзт æрцæуудзæнæнцæ номерæн мадзæлттæ.

***БАГАТИ Аврам***

**13 майи Советон Прибалтики кæрæй-кæронмæ æрсастонцæ уоми нихмæлæууæг немуцаг-фашистон æфсæдти агъазиау къуар.**

**ДЗАТТИАТИ Тотурбег, финсæг, Устур Фидибæстон тугъди архайæг: «Æма гъезæмæрттæй фæллад мадæ æ æдзард хъæболти имисгæй Уæлахези Боний ставд цæстисугæй нæбал кæуй, фал зæгъуй: «Мæ фурттæ, рохсаг утæ, уæ тог никкалдтайтæ адæми сæрбæлтау... Искодтайтæ нæ дзиллитæ æма мæнæн, уæ ниййерæг мадæн дæр кадæ...»**

# ÆНОСОН АРТИ ÆВЗÆГТÆ ДЗОРУНЦÆ...

Æносон арт... Æности æхседарф. Нади билæбæл е 'носон бунати цирагъдарæй ислæудтæй. Ци дæ 'рхаста, кæцæй фæззиндтæ, циуавæр фудвæндæгтæбæл æрхизтæ? Кæд Прометей расаста цъæх айнæг, ратудта æ хъадама, арви цæхæр рæхистæ раскъафта Хуцауæй æма зæнхи фæллад фæлтæртæн е 'сконд артæй батавта сæ рист уод? Æви Данко æ карз æнос, æ сау цъиртæй мæйдар æхсæви тар гъæдæй рацудæй фæдеси æма æ содзгæ зæрди ном цыртæн аци рауæн ниссагъта, цæмæй зæнхи фурттæн над ниррохс уа æма æрттева.

Нæ, е Прометей, кенæ Данко аргъæуттæй не 'ситадæй. Сæ конд таурæхъ нæуæгæй нæ райдæдтонцæ.

Арти æвзæгтæ дзорунцæ... Аллирдæмæ здухсунцæ. Хормæ, арвмæ ивазунцæ сæхе...

Салдат адтæй е. Зæнхи хъæболæ, лæги фурт. Зæнхи арф уедæгтæй, арф æвæрæнтæй ка райгурдæй, уæхæн хуар, гъæди æма кæрдæги хузæн. Æ зæронд фидæн æ сæумæ æма е 'скаст ка 'дтæй.

Салдат адтæй е. Æ уæрагбæл, нæуæг киндзи хузæн, сæргубурæй ка ракодта карз соми Сурх Турусай рази. Ард ка бахуардта косæг лæги къохи скъудтæй, хуасдзауи тæппал æнгулдзитæй, фиййауи дорæфхуæрд зæбæттæй, хумгæнæги хеди 'ртæх, æ цæсти рохсæй, Райгурæн бæсти Æрфæнифæд, æртæхгун сæумæраги нæ рæзæдони болæмæргъи зарунæй.

***Арти æвзæгтæ дзорунцæ...***

Аци æхседарф, ци зин рæстæг, ци фудæбонтæбæл æрхизтæ... Де 'бæрæг нæдтæ... Зæнхи талингæ реу, æ сæрисæфæни цъæстæй, тохи тумугъ айнæгæй федардæр кæми адтæй... Тугъди реу кæми нихъуардта дортæ æма гъæунгти, адæм æма гъæди. Будур кæми бандзуг æй тог æма мастæй, цæстисуг æма гъæрзунæй. Тохи зар ци рауæн райгурдæй тогæй. Тохи зар бор рондзи кæми исæвдулдæй. Тогæйдзаг карди комбæл рæстæг пъæзуй хузæн кæми лæстæй. Бомбити гъæрæй тар æхсæвæ кæми ниффæлладæй, кæми бастадæй. Кæми æриста мæлæт фæллад тугъдонæн æ фæллад...

Уоми аци цирагъ, аци æхседарф тоги зæйтæй игурдæй.

***Арти æвзæгтæ дзорунцæ...***

Тумугъ æма форди æрра уолæнтæ сæ кæрæдзей кæми хуастонцæ... Арвæй будуртæмæ хуæнхтæбæл тогтæрæздтæ кæми калдæй... Кедæр царæфтуд калд хæдзари уг кæми исбидта астъонæ æма си алли æхсæвæ дæр гъарæнгитæ кæми кодта... Арв æма зæнхи фудæвзарæн фудбонтæбæл сау халон тар гъæди кæми дзиназта, бæгъатæр тугъдонæн еу цард, еу уод, еу зæрдæ кæми нæ адтæнцæ фагæ...

***Арти æвзæгтæ дзорунцæ...***

Рæстаги бон рæстаги тохи рæстæг лæгбæл фæстаг хорискаст, фæстаг уарун, фæстаг мæйрохс кæми кастæй... Фæстаг балцийæй кæми нæбал адтæй здæхæн. Фæстаг къахдзæф, фæстаг уолæфт, фæстаг салам, фæстаг хуæрзбон кæцæй æрвиста дуйнемæ... Æ тоги нивдулгæй, фæстаг фунæй кæми бацæй салдат; бони рохсæй хори тунтæ кæмæн хастонцæ хъиамæт æма зиндонæ. Ка гъæрзтæй сау фуди, сау цæфти æма сау арти. Аци æхседарф еци артæй а бæстæмæ æрцудæй.

***Арти æвзæгтæ дзорунцæ...***

Дзармадзани богътæй кæми игурдæй, кæми федар кодта æнсувæрдзийнадæ, тог æма стæг. Æнæхсæвæр, æнæхуссæг æхсæвтæ, салд акъоппи стонг æма æргъæвстæй. Хорсугъд, ругæ æма цæстисугæй игъæстæ хуæрдæ æма урдуг къахвæдти... Метфæлдзæгъдæни, думгити... Æнæкæрон царди уотæ цубур кæмæн разиндтæй æ над. Мади катай æма гъарæнгæ, ниййерæги фудтæрхон, тог æма цæстисугтæ, бæгъатæрмæ кæми игурун кодтонцæ тухæ æма æфсармæ... Гъо, еци тоги зæйи ке зинг рахустæй, уой зинг, уой тогæй аци арт иссугъдæй.

***Арти æвзæгтæ дзорунцæ...***

Тохи будур ка рохс кодта карди коми 'ртивдæй, ка 'й тар кодта топпихуаси сау хъуæцæй. Æ цæститæй кæмæн æрттивта арви тухæ, зæнхи сойнæ. Арв æма зæнхи æнæкæрон хъаурæ ке домбай, ке сабур иуæнгти æхсистæй. Фæдеси бони ка 'дтæй арт æма фæдес. Ка аразта федæрттæ итигъд будури, унгæг коми, дор æма сикъитæй нæ, фал е 'стæг æма, æ тог æма æ реуæй. Æцæг федар ке федар разиндтæй тогуарæн зиндони. Е адтæй салдат... Е раскъафта аци зинг арви къæдзæ рæхисæй... Хори туntau, уалдзæг ка 'рхаста нæ хуæнхтæ æма нæ фæзтæмæ.

***Аци æнæмæлгæ æхседарф...***

Ка иссугъдæй гъизт æхсæвти æма æнæбун форди сонт уолæнтæбæл... Фудвæндæгтæбæл, тохи зарау, арци фийбæл, тæппал къохтæбæл, ка тундзтæй идардæй. Ка тундзудта дзармадзанти богъти барцæбæл Терк æма Невабæл, Волгæ æма Одербæл, Эльбæ æма Дунайбæл... Лæги ном æма кадæ, Æрфæнифæди стъалутау æрттевгæ, кадгин цыртбæл федарæй ислæудтæй, зиндони куд федар лæудтæй, уотæ. Нæ фидтæлтæ ци нииуагътонцæ сæ цæуæтæн лæварæн – зæнхæ, дон, кæрдзин æма æууæнкæ, уони гъæуайгæнæг æрцудæй.

Е адтæй салдат... Цардмæ ка бацудæй ходгæ æма заргæ, æма си фæстæмæ ка здахтæй тоггъолæнттæй, æлхий æрфугæй. Гъо, уæддæр нæртон адтæй салдат. Е уæддæр лæварæн адæмæн нииуагъта аци зæнхи содзгæ æхседарф... Æ тæвдæ тоги цæхæр, æ зинг зæрди стъæлфæн...

***Арти æвзæгтæ дзорунцæ...***

Салдат, кæд дæбæл арв æгъæзæлæнтæ ниццæй, ранигъулдæй дæ хор, уæддæр нæ артдзæсти нæ рахустæй дæ зинг. Æносон арт... Седзæрти, идæдзти цæстисугтæй конд арт. Ка 'рлæууи кодта æ исæвди кæхбæл рун æма фудфуни. Ка 'рхаста ауиндзæнтæбæл а бæстæмæ уæлмæрдтæ. Ка 'рхаста Хинганæй Ламаншмæ саударæн цырттитæ. Ка 'рхаста нæ уалдзæг, нæ цъæх фæзтæ, нæ деденгун сахартæ æма гъæутæмæ цæстисуг æма тоги тогуарæн сахуарун.

***Арти æвзæгтæ дзорунцæ...***

Тугъди æхседарф, тугъди бардауæг... Цал хуарзæнхи, цал уæззау цæфи æрауигътай салдати реубæл! Цал тухи ин бафтудтай æ тухæбæл! Цал нифси ин бауагътай таси бони е 'уæнгти! Нифс... Салдатæн, е 'хсарæ, æ уедæгтæ, æ тузмæг æлхий æрфгутæ равзурунцæ æ нифсæй.

Æносон зинг... Уой дæлуймонтæ мæйдари нæ тæхунцæ. Е тумугъ бони æргъæвст фиййауи къотæртæй конд арт нæй. Е содзуй дуйней гъар, æ фудæнхæ æма маст. Е содзунцæ уадæмдзо фæлтæри уæззау тохи мæтъæл зари муртæ. Ами содзунцæ уазал акъоппи æнæхуссæг мæйдар æхсæвтæ. Е араугæ пеллон удзуй зингхуст хъæболти мади гъарæнгæ, Освенцим, Майданек æма Орадури удесæги инод цъæхахст... Кизгæй ка байзадæй курдути, æ идард бæлццон, æ боц уарзонмæ ка кæсуй æнгъæлмæ, уой цæстисугти цади, саудараги гъарæнги хæццæ, зæнхи уæззау цæфти хæццæ содзунцæ.

***Зиндони райгургæ æносон цæхæр...***

...Гъæдин къæхтæй æма зингхуст хъæболти цæсти рохсæй конд арт, салдати тогæй ка иссугъдæй... Салдат! Ци арф бунат дин разиндтæй зæнхи зæрди, зæнхи реуи!.. Æносон арт а зæнхæбæл дæ зæрди уедæгтæй ду иссугътай...Тугъдони уод, салдати зинг, æрттевæ мадта æнæмæлгæ æности... Багъæуай нин кæнæ фудрунæй нæ арв æма нæ над, нæ хорискаст, нæ уалдзæг, нæ дон, нæ кæрдæг, кæддæр сæ дæ гъуди æма дæ реуæй куд багъæуай кодтай, уотæ.

Салдати зинг... Æ бæгъатæр мæлæти сæрти фæстæмæ ка æрæздахтæй цардмæ. Нарти уæйгути хузæн тухгæнæг тухæ кæмæн не 'ссирдта!

**ФÆРНИАТИ Дзибус**



**Алли анз дæр 9 майи нæ бæстæ 18 сахатти æма 55 минуттебæл нæ дзиллæ еу минут нигъгъос уогæй иссерунцæ, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг æ цард ка иснивонд кодта Райгурæн бæсти сæрбæлтау, уони нæмттæ. Телеуинунадæй æма радиойæй райгъусунцæ хъонц кæнуни дзурдтæ... Еумæйагæй «Рохсаг утæ...» фæззæгъæн, нæ абониккон сабур цардæй кæмæн ан ихæсгин, уонæн. Ихæсгин ба фиццагидæр уомæй ан, æма син гъæуама сæ хъиамæттæ ма иронх кæнæн, еудадзуг имисæн æма син цитгин кæнæн сæ рохс нæмттæ.**



Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-æг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. E-mail: gazeta-digora@inbox.ru. Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони. Рафинсуни индекс: 73946. Тираж 650. Заказ № 953. Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 07.05.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 07.05.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е. Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн. Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.